bu kenn ci yeen jàppoo daal di sol ay saŋam na ca julli, na masaa ci seen kaw te mu bañ leen a summi bu ko soobee lu dul ci janaba

Jële nañu ci Anas Ibn Maalik yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "bu kenn ci yeen jàppoo daal di sol ay saŋam na ca julli, na masaa ci seen kaw te mu bañ leen a summi bu ko soobee lu dul ci janaba".

[Wér na] [Ad-daaraqutniy soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc leeral na ne bu jullit bi solee ay saŋ ginnaaw bi mu jàppoo, topp mu tojle ginnaaw loolu, bu bëggee jàppuwaat, man naa masaa ca seen kaw bu ko soobe, te julli ci ñoom bañ leen a summi ci ab diir bu ñu xam, lu dul mu ame janaba kon summi gi ak sangu gi da koy war.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/8392